ХЪÆБÆРÆЙ-ХЪÆБÆРДÆР – ÆНДОН, ÆНДОНÆЙ ХЪÆБÆРДÆР – ЗÆРДÆ!..




***Номдзуд рæстдзæвинæхсæг Борис ЗАЙЦЕВ 1945 анзи æ бонуги уотæ финста: «Игъустон уруссаг радиомæ. Нимадтонцæ, сахар есгæй хъæбæрдæр ка фескъуæлхтæй, еци инæларти, болкъонти, дæлболкъонти. Саугæнгæ ма капитанти, поручикти, фельдфебельти койтæ дæр фæккæндзæнæнцæ. Фал пролетарти уæнгæ нæ рахъæрттæнцæ. Сæ номхигъд баргинтæбæл фæцæй. Илгъгæнæг адгин дзубандитæ... Адæймагбæл æрхæндæг бафтуйуй...»***

ПОБЕДА!
1945–2020

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№27 (766) 2020 анзи 15 сентябрь – рухæни мæйæ

Аргъ 1 туман

## РОХСАГ УО...



## «КАРНÆЙ НÆ ГЪАСТ КÆНУН ÆГИРИДДÆР...»

Рагон разагъди лæгтæй еу уотæ загъта: «Мæ зæрдтагон адæймæгутæй еске ку рамæлуй, уæд мæ зæрди дæр еу къæрт бастъæлуй...»

Аци загъд уайтæккæдæр зæрдæбæл æрбалæудтæй, Иристонбæл куддæр райгъустæй: æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй Битъæти Роберт... Федарæй ни æруагæс кæнуй, еци уæззауæй-уæззаудæр сау хабари фæдбæл нæ дзиллæй хъæбæр берети зæрдитæй еугай нæ, фал цалдæргай къæрттитæ рахаудтæй...

Роберт нæ дзиллæн уотид зæрдтагон æма уарзон адæймаг нæ адтæй. Æ уоди кæдзосдзийнадæ æма цард рæсог уарзтæй уарзундзийнадæй, адæмбæл е 'новуддзийнадæ æма ауодундзийнадæй син нифсдæттæг æма разæнгардгæнæг адтæй.

Цæйбæрцæбæл дессаги цардбæллон адтæй, уомæн ба æвдесæн, æхуæдæг кæддæр ци гъуди загъта, е: «Карнæй нæ гъаст кæнун æгириддæр... Мæ равзурст надбæл фæсмон нæ кæнун. Нæуæгæй æй райдайун багъудæй, зæгъгæ, уæд бабæй еци над равзаринæ...»

Æма нæ дзиллæ æнæгъæнæй дæр æвдесæн æй, цæйбæрцæбæл федауцæй, лæгигъæдгунæй рацудæй, кæддæр рæстуодæй ци над равзурста, уобæл.

4



Къарæ исиста Татьянæ ШЕХОДАНОВА

# АРФИАГ ФÆЛЛОЙНÆН – АККАГ АРГЪГОНД!..

Иристони журналистики анзфинсти ка некæдма адтæй, уотемæй ба имæ нæ маддæлон æвзагбæл дзиллон хабархæссæг фæрæзнити косгутæ зæрдтагонæй кæмæ бæлдтæнцæ, еци гъуддаг кæдæй-уæдæй арæзт æрцудæй – нæ республики мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитети хъæппæресбæл исарази укогæй нæ республики Хецауадæ иснисан кодта сæрмагонд аллианзон преми, кæци лæвæрд цæудзæнæй, нæ национ журналистики исфæлдистадон æнтæстдзийнæдтæй ка фескъуæлха, еци журналисттæн. Лæвæрд цæудзæнæй алли анз дæр нæ маддæлон æвзаг æма литератури Бони – 15 майи.

Фиццаг хатт лæвæрд æрцудæй фарæ. Аци анз дæр гъæуама лæвæрд æрцудайдæ еци бон, фал эпидемиологон уавæрмæ гæсгæ нæ адтæй уæхæн равгæ. Æма уæддæр аци ахсгиаг гъуддаг арæзт æрцудæй. Национ журналистики къабази нæ республики Хецауади сæрмагонд преми æрæги цитгин уавæри лæвæрд æрцудæй аци анзи лауреатти къуарæн.

Цитгин мадзали рæстæг æ архайгутæ иссирдтонцæ Цæгат Иристон-Аланий адæмон артист Битъæти Роберти рохс ном, - е айдагъ зингæ театралон архайæг нæ адтæй, фал ма æнтæстгинæй архайдта нæ национ журналистики.

Цитгин мадзали радзубанди кодта нæ республики Хецауади Сæрдар Тускъати Таймораз. Æма æ радзубандий сæрмагондæй бахханхæ кодта:

- Нæ маддæлон æвзаг нæ адæмæн æй æ удварни тæккæ агъазиаудæр хæзна. Е

2

**КЪАРИ: Нæ республики Хецауади премий аци анзи лауреаттæ (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ) Бутати Эльзæ, Моргуати Ладæ æма Милдзихти Анжелæн равгæ фæцæй нæ республики Хецауади Сæрдар Тускъати Таймораз æма республики мухури æма дзиллон коммуникацити Комитети сæрдар Фидарати Юрийæн сæрмагондæй райарфæ кæнунæн æма нæ национ журналистики райрæзти фарстати фæдбæл сæ гъудитæ зæгъун.**

## АХСГИАГ ЦАУТÆ



## ÆНÆСОН КАДÆЙ ÆНОСОН УОДЗÆНÆЙ Æ РОХС НОМ...

### НÆ НОМДЗУД ФИНСÆГ ФÆРНИОН КЪОСТАЙÆН ДЗÆУÆГИГЪÆУИ ÆВÆРД ÆРЦУДÆЙ МЕМОРИАЛОН ФÆЙНÆГ

Нæ номдзуд финсæг Фæрниати Солий фурт Константини – нæ дзиллæ 'й фулдæр æ литературон фæсномуг Фæрнион Къостайæй зонунцæ – райгурдбæл сæдæ анзи ку исæнхæст æй (1908-1937), уæд уой фæдбæл нæ газети (2008 анзи 11 июни) ци æрмæгутæ ниммухур кодтан, уонæн равардтан мæнæ ауæхæн еумæйаг сæргонд: «Гъо, фал нæ кадгинкæнуйнагæн кадæ куд нæ кæнæн!..» Нæ еци тухст загъдæй уой зæгъуйнаг адтан, æма Фæрнион нæ национ литератури райрæзтæн уойбæрцæбæл берæ хуæрзти бацудæй, уотемæй ба ин гъæугæ хузи аргъгонд берæ рæстæгути нæ цудæй. Зæгъун æнгъезуй, æргъудигæнæг æй нæ адтæй. Уотемæй ба исцитгин кæнуйнаг адтæй æ царди арфиаг гъуддæгутæ æма исфæлдистадон æскъуæлхтдзийнæдтæмæ гæсгæ.

Фараст æма инсæй анзи ибæл цудæй, 1937 анзи æй культи азар ку басугъта, уæд. Æма 'й кæд 50-аг æнзти исраст кодтонцæ, уæддæр ин е 'сфæлдистадæмæ нæ раугъдæнттæ фагæ æргом берæ рæстæгути не 'здахтонцæ.

3

## ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!

**2021 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН. Æ РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 441 СОМИ 66 КЪАПЕККИ. (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 383 СОМИ 34 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР.**

*Дзиллон хабархæссæг фæрæзнитæ куд игъосун кæнунцæ, уотемæй уæрæсейæгтæн аци анзи фиццаг æхсæз мæйемæ сæ фæлхасадон хæрзтæ рæстæмбес нимадæй 11,5 мин сомей бæрцæ фæмминкъийдæр æнцæ. Е æй 2006 анзæй тæккæ устурдæр бæрцæ: фæстаг æртиндæс анзи хæрзтæ ирæзгæ кодтонцæ. «Карантини фæстауæрцæ» регионти фæйнæхузи æй, уотемæй хъæртуй 41 мин сомей уæнгæ дæр.*

# ФÆЛТÆРÆЙ-ФÆЛТÆРМÆ НÆ АДÆМИ ФАРНÆН ÆВÆРДДАР



***Алли адæмихатт дæр, æ адæми фарни хуæрзæвдесæнти фæлтæрæй-фæлтæрмæ багъæуай кæнунмæ куд исарæхса, уойбæрцæбæл цардгъон æй абони дæр æма уойбæрцæбæл тухгин уодзæнæй æ исонибони гъомусадæ дæр. Æма уомæн ба тæккæ æууæнккагдæр æвæрддар исуй музей.***

Гъе уотæ мах адæмæн дæр рагæйæрæгæмæ дæр нæ культури ахсгиагдæр артдзæститæй еу æй республики сæйраг хæзнадонæ – Национ музей. Ами хæзнати хæзнадæрти хузи æфснайд æнцæ рагон дзамантæй ба нури рæстæги уæнгæ нæ адæми цардвæндаги æвдесæнтæ.

Гъулæггагæн, райарæзти рæстæг музей ниххæллæттаг æй кедæрти æбæрнондзийнади фудæй, уой хæццæ ба ма, ке къох сæмæ хъæрдтæй, еци мулкдзæститæ сæбæл ке фæххæлæф кодтонцæ, уой бæлахæй дæр.

Хуарз æма еци знаггадæ афойнадæбæл уоræд æрцудæй. Багъудæй берæ рæстæг æма берæ хъауритæ, цæмæй уавæр гъæугæ хузи рævдзæгонд æрцæуа. Арæзт æрцудæй мадзæлттæ музейи кустæн аккаг уавæртæ исаразунæн. Уобæл уæлдай æновудæй байархайдта нæ республики нури разамунд. Е райста æхемæ музей нуриккон домæнтæмæ гæсгæ райаразуни агъазиау ихæс. Æма мæнæ нур æрцудæй, рагæй кæмæ æнгъæлмæ кастæй нæ дзиллæ, еци цау – нæ национ музей нæуæггондæй байгон кодта æ дуæрттæ.

Уой фæдбæл арæзт кадгин мадзали радзубанди кодта нæ республики Сæргълæууæг **Битарти Вячеслав** æма загъта:

- Нæ адæми историон хæзнати гъæуайгæнæг артдзæстæ æй нæ Национ музей. Е 'вæрæнти амæйфæстæмæ гъæуайгонд цæудзæнæнцæ нæ фидтæлти истори æма культури хæзнатæ. Уони фæрци ба дзиллæ зондзæнæнцæ бæлвурдæй нæ адæми евгъуд рæстæгути цаутæ æма хабæртти æцæгдзийнадæ. Берæ рæстæг багъудæй, цæмæй нæ фарни артдзæстæ нæуæгæй цалцæггонд æрцæуа, фал нин уæддæр бантæстæй еци агъазиау гъуддаг исаразун. Æма нур ба федарæй нифсгун уодзинан, уой фæрци гъæуайгонд ке æрцæудзæнæнцæ нæ фидтæлти дини æма культури хæзнатæ.



# НÆ МЕДИЦИНИ – НÆУÆГ РАВГÆ

***Æрæги Дзæуæгигъæуи республикон онкологон диспансери бундорбæл компанити Къуар «МедИнвестГрупп» байгон кодта ядерон медицини Центр ПЭТ-Технолоджи. Цæгат Иристони медицинон къабазæн е иссæй хъæбæр агъазиау цау - уой фæрци амæйфæстæмæ уодзæнæй равгæ онкологийæй сæйгитæн сæ незихатт никки растдæр рартасунæн æма сæ уой фæрци сæ незæй æнхæстдæрæй дзæбæх кæнунæн.***

Центр кадгин уавæри байгон кæнуни мадзали архайдтонцæ нæ республики Сæргълæууæг **Битарти Вячеслав**, агъазиау медицинон проекттæ царди рауадзунбæл ка архайуй, еци уæрæсейаг компанити Къуар «МедИнвестГрупп»-и президент **Сергей Нотов** æма аци компаний минæвæрттæ.

ПЭТ-КТ æй медицини нуриккондæр фæрæзнæ. Еугур иннæ медицинон фæрæзнитæй, сауæнгæ компьютерон томографæй дæр е никки растдæр æма бæлвурддæр рартасуй онкологийæй сæйгитæн сæ незихатт æма æ уавæр, гъома, æ фæрци онкологийæй сæйгитæн æвæрд цæуй тæккæ растдæр æма æнхæстдæр диагностикæ. Дзубанди дæр ибæл нæййес, цийфæнди незихатт дæр афойнадæбæл раст æвзурст ку æрцæуа, уæд сæйгæн æ незæй фæййервæзуни гæнæнтæ дæр дзæвгарæ фулдæр фæуунцæ.

Битарти Вячеслав компаний минæвæрттæн æма онкологон диспансери, уæдта ядерон медицини Центри косæг дохтиртæн зæрдиагæй райарфæ кодта æма æ радзубандий загъта:

- Аци центр Дзæуæгигъæуи ке байгон æй, е республикæн æма æ цæргутæн æй, раздæр нæмæ ка некæдма адтæй, уæхæн ахгсиаг æма агъазиау къахдзæф адæми æнæнездзийнадæ гъæуайгæнæн къабази райрæзти гъуддаги, бæлвурдæй ба, онкологон сæйгитæн фадуат уодзæнæй сæ незæй исдзæбæх унæн нуриккондæр гæнæнтæй пайда кæнунæн. Æнæмæнгæ, аци инвестицион проекти фæрци хуæрзгъæдæ медицинон агъаз бахъæртдзæнæй, е 'нæнездзийнади уавæрмæ гæсгæ ке багъæуа, еугур еци адæммæ дæр. Уæхæн сæйгити нимæдзæ ба нæмæ, гъулæггагæн, минкъий нæй. Уомæ гæсгæ аци центри фæззинд æй хъæбæр ахсгиаг. Нурæй фæстæмæ нæ республики цæргути сæ незихатт исбæлвурд кæнуни туххæй кумæдæр æндæр рауæнтæмæ цæун нæбал гъæудзæнæй. Онкологон незти фудæй ка бастъæлуй, уæхæн сæйгити нимæдзæ нæмæ цæмæй минкъийæй-минкъийдæр кæна, е нæ республики разамундæн æй æ сæйрагдæр ихæстæй еу, æма 'й тæккæ гъæугæдæр хузи æнхæст кæнунбæл идарддæр дæр æновудæй архайдзинан.

«МедИнвестГрупп»-и президент Сергей Нотов æ радзубандий райарфæ кодта, Цæгат Иристони ядерон медицини Центр байгон кæнунбæл æма аци ахсгиаг проект исæнхæст кæнунбæл ка бакуста, уонæн:

- Мах нури уæнгæ дæр аллихузон проекттæ æнхæст кæнунбæл кустан Дагестани, Цæцæни, фал Цæгат Кавкази республикитæй ауæхæн Центр тæккæ фиццаг игонгонд цæуй Цæгат Иристони. Æма е хумæтæг бæрæггæнæн нæй. Е дзорæг æй, республики разамунд адæми æнæнездзийнадæбæл æновудæй ке тухсуй æма нуриккондæр медицинон гæнæнтæ республики парахатдæрæй пайда кæнуни фадуæттæ унбæл еудадзуг ке архайуй, уобæл. Онкологон незтæ рартасунбæл æма сæйгитæн хуæрзгъæдæ медицинон лæггадæ кæнунбæл нæ компани косуй дуйнеуон æмвæзадæбæл. Уомæй уæлдай е æй фармацевтики къабази агъазиаудæр холдинг дæр ма.

Сергей Нотов куд загъта, уотемæй нæ бæсти ядерон медицини Центртæ æдеугурæй ес æстдæс. Нури уæнгæ Цæгат Иристонмæ тæккæ хæстæгдæр уæхæн центртæ адтæй Стъараполи æма Ростови. Æма республики цæргути багъæуаги цæун гъудæй уордæмæ. Амæйфæстæмæ ба уæхæн рацо-бацотæй уæгъдæгонд уодзæнæнцæ, нæхемæ уæхæн ядерон медицини Центр ке фæззиндтæй, уой фæрци. Аци Центр лæггадæ кæнун райдайдзæнæй аци анз октябри æма æ равгитæмæ гæсгæ анзмæ лæггадæ кæндзæнæй æхсæз мин сæйгемæн.

# ФИДИБÆСТИ ХЪАЗАУАТОНТÆЙ – АРФИАГ

***Устур Фидибæстон тугъди Уæлахези 75-анзей кадæн нæ республики хузæгæнгути Цæдес исаразта армæйдæснити кустити æма хуæдахур хузæгæнгути кустити дуйнеуон еумæйаг равдист «Арфиаг, нæ царди туххæй».***

Равдисти фæуyинæн ес армæйдæснити дæс æма инсæй кустемæй фулдæр Дзæуæгигъæуæй, Дагестанæй, Стъараполæй, Хонсар Иристонæй, нæ республики районтæй. Етæ исаразтонцæ гъæдæй, хъумацæй, зæрийнæ халæй конд æма худ дзаумæуттæ. Ес си дæс æма дууинсæй кустемæй фулдæр. Нæ фидтæлти лæгдзийнади цаути хæццæ цæйбæрцæбæл хуæздæр зонгæ уонцæ, уойбæрцæ нæ федæни фæлтæртæ æнцондæрæй кæсдзæнæнцæ размæ. Уодзæнæй син, ке æскъуæлхтдзийнадæбæл ахур кæнонцæ, уæхæн дæнцитæ. Ами ци куститæ фæуyинæн ес, уони фæрци зиннуй, Кавкази æма Фæскавкази цæрæг адæмтæ ци исфæлдистадон гъудибæл хуæст æнцæ, е, - загъта æ радзубандий Дудай-фурт.

Равдист байгон кæнуни фæдбæл ци цитгин мадзал арæзт æрцудæй, уоми нæ республики культури министри хуæдæййевæг Дудайти Чермен уотæ загъта:

- Аци равдистæн ес агъазиау аййевадон æма уодварнон нисанеуæг. Фиццагидæр уомæ гæсгæ, æма нæ дзилли абониккон фæлтæртæ нæ фидтæлти лæгдзийнади цаути хæццæ цæйбæрцæбæл хуæздæр зонгæ уонцæ, уойбæрцæ нæ федæни фæлтæртæ æнцондæрæй кæсдзæнæнцæ размæ. Уодзæнæй син, ке æскъуæлхтдзийнæдтæбæл ахур кæнонцæ, уæхæн дæнцитæ. Ами ци куститæ фæуyинæн ес, уони фæрци зиннуй, Кавкази æма Фæскавкази цæрæг адæмтæ ци исфæлдистадон гъудибæл хуæст æнцæ, е, - загъта æ радзубандий Дудай-фурт.



# АРФИАГ ФÆЛЛОЙНÆН – АККАГ АРГЪГОНД!..

1 æности дæргъи фæлтæрæй-фæлтæрмæ æновудæй гъæуайгонд цудæй, æ цæрабæл æмзунд-æмвæндæй архайдтонцæ нæ дзиллæ. Абони еци хæзнай карнæ махæй, нæ адæми нуриккон фæлтæртæй бæрни æй, æма ихæсгинæй-ихæсгиндæр ан æ багъæуай кæнун æма райрæзтбæл байархайунæй, тæккæ хуæздæр хузи 'й нæ фæдбæл цæуæг фæлтæртæмæ радтунæй. Еци гъуддаги ба уæлдай бæрнондзийнадæ хауй сумахмæ, абони нæ национ журналистики ка архайуй, уонæмæ. Сумах еци ихæс æнхæст кæнгæй аразетæ фадуæттæ уе 'рмæгутæй мухури фæрæзнити, уæ радиобакаститæй æма телеравдиститæй, интернети тугъдади финст уацтæй. Аци преми дæр уой туххæй исарастан, цæмæй уæ вазуггин архайд маддæлон æвзаги сæрбæлтау уа никки æнтæстгиндæр æма ахедгæдæр.

- Нæ республики разамунд æма нæ комитет аци конкурс дууæ анзей размæ уой туххæй исаразта, цæмæй нæ журналисттæ разангарддæр кæнонцæ нæ маддæлон æвзагбæл дзиллон хабархæссæг фæрæзнити цæмæй аййев цæттæгонд æрмæгутæй ахедгæ агъаз кæнонцæ нæ маддæлон æвзаг багъæуай кæнун æма æ идарддæри райрæзтæн, - æ арфи дзубандий баханхæ кодта нæ республики мухури æма дзиллон коммуникацити Комитети сæрдар **Фидарати Юрий**.

Национ журналистики нæ республики Хецауади премий аци анзи лауреаттæ иссæнцæ: телеуинунадон номинаций – Паддзахадон телерадиокомпани «Алани»-й информацион программити уацхæссæг **Моргуати Ладæ**, мухури фæрæзнити – газет «Рæстдзинад»-и сæйраг редактори хуæдæййевæг **Бутати Эльзæ**, интернет-фæрæзнити номинаций - информацион портал «15-аг регион»-и директор **Кучити Александр**. Цитгин Уæлахези 75 анзей кадæн сæрмагондæй нисангонд преми лæвæрд æрцудæй Кирови районы газет «Размæ»-йи сæйраг редактор **Милдзихти Анжелæн**.

Хуарзеугутæ лæвæрд кæмæн æрцудæнцæ, уони номæй райарфæ кодта Бутати Эльзæ.

Нæ маддæлон æвзагбæл дзиллон хабархæссæг фæрæзнитæн нæ республики адæми уодварни ирæзтбæл архайди ци ахедундзийнадæ ес, е бæлвурдæй лæдæрд ке æй, уомæн æвдесæн æй, нæ республики Хецауадæ аци премиi нисангонд ке æрцудæй, уомæй дæр. Уой баханхæ кæнгæй, республикон газет «Дигори» сæйраг редактор **Сакъити Эльбрус** æ радзубандий загъта, цæмæй сæ архайдмæ фулдæр æргом æздæхт цæуа, бæлвурд фæндонтæ бахаста, уонæн сæ куст æнтæстгиндæрæй унæн æнæмæнгæ ци исаразун гъæуй, уой фæдбæл.

Аци цитгин мадзали ка архайдта, уони зæрдитæ сæ аййевадæй барохс кодтонцæ республики аййевæдти колледжи фæндурдзæгъдгути къуар «Иристон» æма æригон зартæгæнгутæ **Моргуати Арнеллæ** æма **Сергей Кузнецов**.

Мах, газет «Дигори» редакций косгутæ дæр зæрдиагæй арфæ кæнæн еугур лауреаттæн дæр. Нæ зæрдæ син зæгъуй нæуæг исфæлдистадон уæлахезтæ.

**Æфсади инæлар, Советон Цæдеси Бæгъатæр Иван Ивани фурт Масленникови райгурдбæл 16 сентябри æнхæст кæнуй æхсæзинсæй анзи (1900-1954). Устур Фидибæстон тугъди рæстæг разамунд лæвардта Фæскавкази æма Цæгаткавказаг фронтти æфсæдтæн.**

***Сæрмагонд конкурси бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ æхсæрдæс ахургæнæгемæн лæвæрд æрцудæй, «Земский учитель», зæгъгæ, программи архайуни барæ æма косун райдæдтонцæ республики гъæути скъолати. Гъæуун рауæнти гъæуама бакосонцæ фондз анзи. Программи ке архайунцæ, уомæ гæсгæ син лæвæрд æрцæудзæнæй фæйнæ миллион соми. Нæ республикæ дæр еци программи архайдзæнæй.***

# ФÆЛЛАДУАДЗÆН БÆНТТÆ 2021 АНЗИ

***Уæрæсей Фæллойни министрадæ бацæттæ кодта 2021 анзи фæлладуадзæн бæнттæ рахæссуни туххæй Хецауадон унаффи проект.***

Министради хатдзæгтæмæ гæсгæ 2021 анзи нисангонд цæунцæ «январи фæлладуагъд» 1-10 январи уæнгæ, 21 æма 23 феврали ба æртæ фæлладуадзæн бони, æма 6-8 мартъий дæр æртæ фæлладуадзæн бони.

Майи 1-3 бæнтти æма 6-8 бæнтти уодзæнæй фæлладуадзæн рæстæг, 12-14 июни дæр уæхæн æмгъуд. 4-7 ноябри дæттунцæ цуппар фæлладуадзæн бони. Ведомстви гъудимæ гæсгæ, уæрæсейæгтæ нæ косдзæнæнцæ 2021 анзи 31 декабри. «Иннæ анз цалдæр бæрæгбони байеу уодзæнæнцæ сабат æма хуцаубони хæццæ, уомæ гæсгæ 2 æма 3 январи (сабат æма хуцаубон) гъавæн æнæкосгæ бæрæгбæнттæ 5 ноябрь æма 31 декабрьмæ рахæссун. Уомæй уæлдай сабати – 20 феврали фæлладуадзæн бон рахæссæн ес авдисæрмæ – 22 февральмæ» - загътонцæ министради.

Фæллойни Кодексмæ гæсгæ Уæрæсей æнæкосгæ бæрæгбæнттæ æнцæ: 1,2, 3, 4, 5,6 æма 8 январь – гъома, анзи фæлладуадзæн бæнттæ, 7 январь ба æй Киристей Райгурди бон, 23 февраль – Фидибæстæ гъæуайкæнуйнади Бон¸8 мартъи – силгоймæгти дуйнеуон Æхсæнадæмон бон, 1 май – уалдзæг æма фæллойни Бон, 9 май – Уæлахези Бон, 12 июнь Уæрæсей Бон, 4 ноябрь – адæмон еудзийнади Бон.

***«Интерфакс»***










# ÆНÆСОН КАДÆЙ ÆНОСОН УОДЗÆНÆЙ Æ РОХС НОМ...

Ке зæгъун æй гъæуй, мухури рацудæнцæ 1937 анзи размæ: 1927 анзи Нигер æма Хъамбердиати Мисости хæццæ рауагъта æмдзæвгити еумæйаг æмбурдгонд «Уадиндзæ», 1930-1932 æнзти Цхинвали æмдзæвгити киунугутæ «Зæйæ» æма «Байгъосетæ», 1932 анзи – роман «Уади унæр», 1933 анзи Сталинири – таурæхъ «Цийни донæ», 1934 анзи Дзæуæгигъæуи – æ дуккаг рауагъд, еци анз ма ин ами рацудæй пьесæ «Хуæрзбон».

Æ фесæвди фæсте Къостай уадзимистæ фиццаг хатт рохс фæуиудтонцæ 1959 анзи. Сталинири ин ци киунугæ рацудæй, уордæмæ хаст æрцудæнцæ е 'мдзæвгитæ, поэмитæ æма æ роман «Уади унæр». «Уади унæр» фæстæдæр – 1972 анзи хецæн киунугæй рацудæй киунугæуадзæн «Ир»-и.

Уæхæн уавæр сагъæссаг куд нæ адтайдæ, æма уой фæдбæл нæ газети Фæрниони туххæй ци æрмæгутæ ниммухур кодтан æ райгурди сæдæ анзей бонмæ, уонæми нивварднан ауæхæн фарста: «Æма утемæй, абони киунугæкæсæг, уæлдайдæр ба – æригон киунугæкæсæг, куд гъæуама зона æма аргъ кæна Фæрнион Къостай исфæлдистадæн?

Хуарз æма еци æнæрастдзийнадæ фæстаг рæстæгути растгонд цæуй. Ку зæгъæн, евгъуд майрæнбони, 11 сентябри, Дзæуæгигъæуи, Фæрнион æ рæстæги ци хæдзари цардæй, уой фарсбæл ин æвæрд æрцудæй мемориалон фæйнæг. Уой фæдбæл цитгин мадзали Фæрниати муггаги æнхæстгæнæг совети разамонæг Фæрниати Виталий æ радзубандий утæ загъта:

- Мах, Фæрниати муггаг, архайæн, цæмæй нæ уарзон, нæ цардгъæуагæ æрвадæ, Иристони номдзуд фуртæн æ ном æма æ кадгин гъуддæгутæ кæстæртæй иронх ма уонцæ. Уой туххæй 2018 анзи, Фæрнионæн æ райгурди дæс æма фондзинсæй анзей бонмæ мухури рацудæнцæ æ уадзимисти æмбурдгонд дууæ томемæй ирон æма уруссаг æвзæгтæбæл.

Е дæр, уæдта ин нур ба мемориалон фæйнæг дæр æвæрд ке æрцудæй, етæ агъазиау гъуддæгутæ 'нцæ, фал хуарз уидæ никкидæр ма æндæр номерæн мадзæлттæ арæзт ку æрцæуидæ...

Гъулæггагæн, Фæрнионæн æ цардвæндаг хуæрзцубур рауадæй, фал уæддæр гъæздуг æй арфиаг гъуддæгутæй. Е æ зæрдæмæ хæстæг райста фæллойнæгæнæг адæми нæуæг цардарæзти гъуддæгутæ, адтæй уони исæнтæстгин унбæл æновуддæр архайгути раззаг рæнгъити. Фал ибæл е 'знæгтæ хахуртæ фæффинстонцæ, æма, ку зæгъæн, 1937 анзи ахæст æрцудæй, куд адæми знаг, утæ, æма ин маруни тæрхон рахастонцæ... Гъе утемæй, 29-анздзудæй æ цардæй рахецæн æй Къоста... Фал æ фæсте ниууагъта арф æма рæсугъд фæд... Æма еци фæд ба рæстæгути цæуæнти гъæуама ма фесæфа, бæрæг дара нæ адæми анзфинсти...

Уобæл архайгæй, махæн, газет «Дигори» редакций косгути зæрди ес тагъд рæстæги Фæрниони туххæй бæлвурддæр радзорун.

***ХЕКЪИЛАТИ Маринæ.***

## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ...



Еу зæронд лæг, дан, мæлуни къахбæл нилæудтæй. Е 'мгарæ зæронд лæгтæ æ алливарс бадунцæ æма 'й дзубандитæбæл дарунцæ.

- Мæлгæ уин кæнун, мæлгæ, мæ лимæнтæ, - гъæрзгæй сæмæ дзоруй уæззау сæйгæ.

- Тухсгæ ма кæнæ, мах дæр дæ тагъд баййафдзинан. Ду амондгун дæ, аци нæуæг царди дессаги хабæрттæ нæ зæронд мæрдтæн фиццаг ка ракæндзæнæй, - зæрдитæ ин æвæрунцæ лæгтæ.

- Ракæндзæнæн, фал Гогоций нецæййаг гъæуихецау иссæй, е си æгириддæр нæ баруагæс уодзæнæй. Æма син еци хабар нæ ракæндзæнæн...

*Аци цау æрцудæй, нæуæг, советон цардарæзт нæмæ ку æрфедар æй, раст гъе уæд. Еци дзаманти хецауеуæггæнгутæй ке æвардтонцæ, уони равзариуонцæ, гъома, хумæтæг адæмæй æй, зæгъгæ, уомæ гæсгæ. Ахид уотæ дæр рауайидæ, æма хецауеуæг кæнидæ, æгириддæр ка нецæмæ арæхстæй, уæхæн.*

*Нуриккон хецаудзийнади дæр уæхæнттæ фагæ 'нцæ. Æма ке фудæй? Нæхуæдтæ сæ нæ равзарæн – хенвæрсон спортсменти, артистти, мулкдзæстæ бизнесменти?.. Æма уæд уой фæсте цæбæл хъур-хъур кæнæн? Мæнæ бабæй рæхги æвзурститæ уодзæнæнцæ, æма бабæй нин фæсмойнаг ку нæ фæуууиуонцæ…*



**Владимир КОРОЛЕНКО (1853-1921),** ***уруссаг финсæг:*** **«Мæ сабийтæ мин ме 'взаг нæбал зондзæнæнцæ, зæгъгæ, ку рагъуди кæнун, уæд мæ кеми нæбал фæуун, устур тасæй мæ бауæр ниддиз-диз кæнуй. Æвзаг нæ зонгæй мин нæ лæдæрдзæнæнцæ мæ гъудитæ, мæ фæндитæ, мæ бæлдитæ, мæ меддуйне, мæ адæми куд рæстуодæй уарзун, уой...»**

– Уæхæн гъенцъун Иристони рæстуод дзилли дæр бæргæ тухсун кæнуй. Гъулæггагæн, æгæр берæ дæр ма нæмæ ес уæхæнттæ, кæцитæ нæ маддæлон æвзаги сагъæссаг уавæрбæл дзоргæ берæ кæнунцæ, гъуддагæй ба сæхе бустæги æндæр хузи æвдесунцæ - нæ кæсунцæ маддæлон æвзагбæл газеттæ, журналтæ, киунугутæ. Уой хæццæ ба ма сæ цæуæтæн дæр æй æцæгæлон кæнунцæ, æхцул сæ кæнунцæ айдагъдæр уруссаг æма фæсарæйнаг æвзæгтæбæл. Уони дæр, дзубанди ибæл нæййес, хуарз зонун гъæуй, фал уæддæр маддæлон æвзаг ба гъæуама хъазардæр уа...



**Алексей ЖУРАВЛЕВ,** ***Паддзахадон Думи депутат:*** **«Граждæнтæ хаттæй-хатт депутаттæй кæмæйдæрти утæ фæззæгъунцæ, зундгъæуагæ, дан, æй. Е кæд утид фæлгонцгин загъдæн загъд æй, уæддæр секкаг нæй, æцæгæйдæр утæ ке æй, е…»**

- Æррадæнтти дæр æма парламентти дæр, æвæдзи, хумæтæги нæ 'нцæ палатитæ: фиццæгтæ-фæлмастæ æма нæрæмонтæн; дуккæгтæ – уæллаг æма дæллаг… Кæд се 'хсæн ести æмхузондзийнадæ ес? Æндæра е куд æй, æма депутаттæ се 'мбурдти фæккуддæртæ унцæ, кæрæдземæ лæборунтæ байдайунцæ?.. Кенæ – фулдæр хætти зæранхæссæг унаффитæ æма закъонтæ ке ракъеп кæнунцæ, е зундæй киуддзийнади æвдесæн нæй?..



**КИРИЛЛ,** ***Мæскуйаг æма æнæгъæнæ Уæрæсей Патриарх:*** **«Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарадæмæ ка хауй, уæхæн финстæгутæ мæмæ берæ æрбацæуй. Адæймаги уодварнон фарстати туххæй финстæгутæй зингæ фулдæр...»**

- Зæнхон хецæуттæй фæффудевгед уогæй, адæм сæ зæрдæ ма еунæг Хуцаубæл дарунцæ? Еу хуæнхаг лæгæн, дан, æ хæрæг билæй рахаудтæй æма ин е 'мгъæуккæгтæ зæрдитæ æвардтонцæ, гъома Хуцау дин æндæр хæрæг ратдзæнæй. Е син загъта: «Æнгъæл нæ дæн, ци Хуцауи зонун, е мин æнæ финддæс соми хæрæг радта...»

# ЗУНДИ БÆРЗÆНДТÆМÆ КЪÆПХÆНТÆ. ЦИУАВÆР ÆНЦÆ?

Уæхæн хатдзæгмæ æрцудæнцæ Канади университет Конкордий ахургæндтæ. Етæ исаразтонцæ фæлварæнтæ, кæцитими архайдтонцæ 331 хестæр адæймаги, сæ карæ адтæй 19 анземæй ба 79 анзей уæнгæ. Алке сæризунди уавæрмæ дæр сæрмагонд сканери фæрци æркæсгæй, исбæрæг кодтонцæ æма рабарстонцæ, адæймаг цал анзи ахур кодта æма хезæнтæбæл цал къæпхæнебæл исхезуй бони дæргъи. Исбæлвурд кодтонцæ, физикон архайди æндæр хузти сæ рауон-циоундзийнадæ цæйбæрцæ 'й, уой дæр. Æма мæнæ ци рабæрæг æй:

***Ахури еу анз сæризунд æригондæр кæнуй анзи***

**0,95 бæрцæ**

***Бонæ еу хатт этажти æхсæн еу хезæнбæл рацæун сæризунд æригондæр кæнуй анзи***

**0,58 бæрцæ**

**Цæмæй сæризунд æригон уавæри дард цæуа, уой туххæй гъæуй, гъайгъайдæр ахур кæнун, уæдта… Къæпхæнтæбæл рацо-бацо кæнун…**



**Фестæгæй цæун, уайун, велосипед, накæ кæнун, теннис æма гимнастикæ сæризунд нæ æригондæр кæнунцæ.**

**Гъæди косгутæ 20 сентябри бæрæг кæндзæнæнцæ сæ профессионалон бæрæгбон. Æма уой фæдбæл зæрдиагæй арфæ кæнæн нæ республики гъæдихадзарадон къабази еугур косгутæн дæр.**

*Хуцау адæймаги сикъитæй исфæлдиста, фал ма имæ си еу къæрт байзадæй. «Ци ма дин исаразон амæй ба?» – фæрсуй æй Хуцау. «Амонд!..» – загъта адæймаг. Хуцау неци исдзурдта, уотемæй ин æ арми еци къæрт æрæвардта, гъома, дæ амонд ба дæхуæдæг аразæ...*



**КЪАДЗАТИ Станислав**

***

***Нæ хъæуæй диссагдæр куы нæй -***
***Хæссы цыппар номы фæрнæй.***
***Лæууы цыппар къабазыл арв,***
***Лæууы цыппар хъæуыл нæ цард.***

***Ехх, махæн Сындзыхъæу-зæлдаг,***
***Æмбисонд Хъарманæн йæ хъарм,***
***Урсдон æвдадзы хосæй дзаг,***
***Нæ удтæн Къора у сæ хъан.***

***Фыдæлты намысæй - нæ рæз,***
***Нæ фидæны сыгъзæрин фæз.***
***Нæры та Роберты хъæлæс:***
***«Æтт, зонæм иууылдæр нæ хæс!»***

***Цыппар хъæуы сыгъзæрин зиу***
***Куыд адджын у, куыд кæны иу!***
***Бытъæ сын рахаста сæ фарн,***
***Театырæн нывонд йæ церд.***

***Къæмынтæй Робертæн йæ тавс,***
***Гæлиатæн хæрæфырт - уаз.***
***Нæрæмон Сау лæппу Бытъæ***
***Нæ Ирæн басгуыхти фыртæн.***

***Нæртон дзырдтæ - мин æмæ мин,***
***Сæ рухс нын æрвыг у, зæрин.***
***Хæссы нæм æй Роберт фæрнæй,***
***Зæлдагдæр йæ хъæлæсæй нæй.***

# «КАРНÆЙ НÆ ГЪАСТ КÆНУН ÆГИРИДДÆР...»

Нæ исфæлдистадон интеллигенций зундгонддæр минæвæрттæй еу, Уæрæсей Федераций æскъуæлхт артист, Республикæ Цæгат Иристон-Аланий адæмон артист, Хонсар Иристони æскъуæлхт артист, Тæбæхсаути Балой номбæл Ирон паддзахадон академион театри раздзæуæг актертæй еу...

Битъæти Роберт нæ национ культурæ æма аййевадæн, нæ адæми уодварнон райрæзтæн ци берæ хуæрзти бацудæй, уой сæ хецауадон тæфирфæси баханхæ кодтонцæ Битарти Вячеслав, Алексей Мачнев, Тускъати Таймораз, Къубалти Эльбрус...

Битъæти Александри фурт Роберт райгурдæй 1943 анзи 20 мартъий Синдзигъæуи. Цæгат Иристони паддзахадон педагогон институти физикон гъомбæлади факультети ахур кæнгæй, æ устурдæр бæлдæ баст адтæй театри хæццæ. Раздæр бал уордæмæ бацудæй декорацитæ æвæрæгæй, фæстæдæр ба ин æрæстæфтæнцæ æ искурдиадæ, равардтонцæ ин кæцидæр рольти хе бавзаруни равгæ. Æ еци фиццаг рольти уойбæрцæбæл фескъуæлхтæй æма ибæл банвæрстæнцæ, куд исуйнаг искурдиадæгин актер, уотæ.

Ирон театри сценæбæл Битъæти Роберт рагъазта нигулæн-европаг, уруссаг æма национ драматургий дæс æма æртинсæй ролемæй фулдæреми. Уоми æмхузон хуарз аразта куд драмон, уотæ комедион сорæттæ дæр. Сæ фулдæр бацудæнцæ Иристони сцени аййевади хæзнадонæмæ.

Берæвæрсуг искурдиади хецау Битъæти Роберт е сценикон архайд байеу кодта телерадиокомпани «Алания»-й хæццæ. Уоми цæттæ кодта Иристони культурæ æма аййевади зундгонддæр архайгути туххæй равдиститæ. Етæ ин искодтонцæ никки устурдæр кадæ, æрхастонцæ ин адæми уарзондзийнадæ. Адтæй Цæгат Иристони паддзахадон университети аййевæдти факультети кафедри доцент.

Маддæлон æвзаг æновудæй ке уарзта æма ин æнхæстæй ке зудта æ гъæздуг гæнæнтæ, е ин равардта дуйнеуон драматургий уадзимистæ уруссаг æвзагæй ирон æвзагмæ ратæлмаци кæнуни барæ. Финста ма зартæ дæр ирон спектакльтæмæ.

Адтæй режиссер-æвæрæг дæр. Дигорон театри сценæбæл исæвардта цалдæр спектакли. Сæ еугуремæн дæр театралон критиктæ æма æхсæнадæ искодтонцæ устур аргъ. Битъæти Роберт ма разамунд лæвардта Чиколай адæмон театрæн дæр, кæци берæ ахсгиаг еугурурæсеуон исфæлдистадон еристи фæуууæлахез æй.

Е ’сфæлдистадон биографий устур бунат ахæссунцæ æ кинорольтæ, етæ æвдесунцæ артисти æгæрон гæнæнтæ æма æвналæнтæ. Æ искурдиадæ уæлдай хъæбæрдæр рарґом æй кинонивæ – «Тузмæг Терк», «Силгоймаги роман», «Зæронд цауæйнони зæрдихудт», «Зæрбатгутæ æрбатахтæнцæ»-йи.

Битъæти Роберт адтæй, нæ республики хъæбæр ке агурдтонцæ, еци актертæй. Æхебæл куста алкæддæр, уомæн æма лæдæрдтæй рæстæги змæлд, дæсниади аллихузон æуууæлтæ. Лæвæрд ин æрцудæй майдан «Иристони намусæн».

***

Роберт ахид кæсидæ Къостай æмдзæвгитæ, уæлдай «цæстиварди» ба имæ адтæнцæ мæнæ аци рæнгъитæ:

*Тæхуды йæ фыды зæххыл,*
*Йæ уарзон æмгæртты рæгъыл*
*Кæмæн хъуысы куыведы йæ зарæг!..*

Хумæтæги уотæ ахид не ’ргъуди кæнидæ аци рæнгъитæ. Уомæн æма бæлдтæй, цæмæй æ дзилли ’хсæн æ цардиуагæ уа федауцæ, цæмæй бунати уа æ цийни зар, æ гъуддæгутæй си боз уонцæ. Æма ин æнтæстæй... Æнтæстæй рæстуодæй цæрун, адæми лæдæрун æма син æ рæстдзийнадæ лæдæрун кæнун...

Æма абони нæ хъонцгæнæн радзубандийæн дæр Робертæн æхе загъд «Карнæй нæ гъаст кæнун æгириддæр...» гъе уомæ гæсгæ ниввардтан сæргондæн.



Ирон театри артисттæ БИТЪÆТИ Роберт, ДЗТИАТИ Лактемур æма СУАНТИ Хъазбег.



БИТЪÆТИ Роберт уæлдай æхцæуæнæй архайдта ирæзгæ фæлтæртæн бацæттæгонд равдиститы, уæлдайдæр ба ма си кæстæртæ сæхуæдтæ ку архайиуонцæ, уæд.




**БИТЪÆТИ** Роберт хъæбæр зæрдиагæй ауодудта адæмон исфæлдистадон къуæртти архайгутæбæл, зæгъæн, зингæ фæййагъаз æй Ирæфи райони хехъæппæресадон аййевади райрæзтæн, берæ рæстæгути разамунд лæвардта Чиколай адæмон театрæн, архайдта ами аллихузон културон мадзæлтти. Аци къарæ дæр ист æрцудæй еу уæхæн мадзали рæстæг – искурдиадæгин зартæгæнæг **ТЕКЪОЙТИ** Исайæн Ирæфи райони култури Хæдзари ци номерæн концерт исаразтонцæ, уоми чиколайаг зартæгæнгути къуари хæццæ.



**БИТЪÆТИ** Роберт æма финсæг, драматург **ХЪАЙТТАТИ** Сергей.



**АЙЛАРТИ** Асæхмæт, **БИТЪÆТИ** Роберт, **БЕКМÆРЗТИ** Æхсарæ æма **СУАНТИ** Хъазбег



**ХÆДАРЦАТИ** Махарбег, **БИТЪÆТИ** Роберт æма **АНДИАТИ** Сослан

***

Робертæн æ аци къарæмæ кæсгæй, зæрдæбæл æрбалæууй, кæддæр журналистти хæццæ дзубандигæнгæй ци сагъæссаг гъуди загъта, е: «Спектакль ку фæууа, театрдзаутæ сæ фæрнæйдзаг хæдзæрттæмæ ку рапурхæ уонцæ, уæдта мæ цæстæ рахæсдзæнæн, зингхуст актерти къартæбæл æма син зæгъдзæнæн «хуæрзæхсæвæ»... Рохсаг нæ, фал – хуæрзæхсæвæ. Рохсаг зæгъунмæ æвзаг нæ тасуй. Гæрр, куд ес зæгъæн Уатати Бибо нæбал æй, зæгъгæ? Кенæдта Тæбæхсаути Бало, Хъалæгати Федя, Хурумти Урузмæг, Берæгъти Къоста, Саламти Къола, Сланти Къоста, Гогичати Исахъ... Нур дæр ма театр сæ нифсæй ку цæруй, уæд?.. Цæрунцæ æма цæрдзæнæнцæ цардæгæсти зæрдити æностæмæ...»

Нур ба Роберт æхуæдæг дæр банæхстæр æй сæ размæ се 'носон дуйнемæ... Зундæй адæймаг уой бæргæ лæдæруй, фал уæддæр зæрдæ ба, рохсаг уо, зæгъгæ, зæгъун нæ комуй... Æ фурристæй айдагъдæр æй исгъæрзунгъон: «Цæрис æма цæрдзæнæ цардæгæсти зæрдити æностæмæ...»



**Гæдиати Секъа æ уацтæй еуеми финста: «Дауит-Сослан ирон лæг, ирон тогæй уогæй, Иристони фæзуæттæ некæцирдæмæ раурухдæр кодта, уотемæй ба… уой бæгъатæр тугъдтитæ æма тохæнтæн æмбал нæ адтæй. Гурдзистонæн цæбæрцæ бæститæ æма сахартæ байста, ирон адæми ба хонхи цъæсти ниуугъта…»**

ГÆДИАТИ Секъа

## ИРЫСТОН

*Нæ уарзæм нæ бæстæ, ныуугътам нæ хох,*
*Кæмдæрты дзæгъæлзад, дзæгъæлмард кæнæм,*
*Фæкодтам нæхи ’гъдау, нæхи ’взаг бынрох,*
*Кæмдæрты сылæмгад кæрдзынтæ хæрæм.*

*Урс сынтау, сæфдзæни нæ мыггаг, нæ кой,*
*Исчи-ма зæгъдзæни: уæдæсты кæддæр.*
*Агурæм кæмдæрты нæ удæн æнцой,*
*Нæхицæй ыскæнæм искæмæн кæсдæр.*

*Ирон лæг, дæ бæстæ сагъæстæй хъæрзы,*
*Ныуугъта сидзæрæй дæ гуырæн бæстæ;*
*Чидæр дын дæ тугæй рувæстæ хæссы,*
*Фæлыгътæ кæдæмдæр кæрдзынты фæстæ.*

*Æгъдау дæ ныббаста, нал дын ис гæнæн,*
*Æрду дæр дæ бон нæу, æнцад лæу фысау!*
*Раджы дын ыскодта Хинæйдзаг кæлæн,*
*Йæхи дæм равдыста, сауæрфыг чызгау...*

*Сау хæхты, сау хъæдты уæгъд удтæ, сынтау.*
*Нæ зыдтой цагъарад, нæ зыдтой æлдар.*
*Æгъдау дæ ныббаста, мауал кæс сырдау, -*
*Бацагур дæхицæн зондхæссæг æмгар.*

*Амондæй цух уыдтæ раджы дæр бæргæ,*
*Нæ зыдтай рæстæгæн йæ фæстаг бæллон;*
*Домбайау, фæхаттæ сау хъæдты, нæргæ,*
*Æгъдау дын ныббаста дæ фæстаг кæрон.*

*Ныр дæр ма зоныс, куыд сæфы дæ кой,*
*Цаддонау, лæдæрсы дендзызмæ дæ уд...*
*Нал арыс дæ бæстыл хорызад кæфой, -*
*Æркæс-иу дæ митæм, дæхиуыл фæхуд.*

*Нæ сæфы иу боныл дзыллæтæй мыггаг,*
*Иутæ иннæтæм æнцад лæдæрсынц...*
*Ирыстон, базон æй, дæ сæфты хъуыддаг, -*
*Дæ зæнæг кæмæндæр сæхи фæдзæхсынц.*

*Абон дæм хорз кæсы минæстæ кæнын,*
*Райсом дæм æркæсдзæн ыстыр маст, хъæрзын...*
*Хуыздæр у дæ бæстыл райгуырын, мæлын,*
*Мæлæт у искæмæн тæбæгътæ сæрфын.*

*Ма ныууадз иудадзыг дæ зæнæг дзæгъæл,*
*Ма бауадз сабиты мыдадзау, тайын;*
*Исчи дыл æркалдзæн сызгъæрин цæхæр,*
*Ма баком, Ирыстон, искæмæн сайын!..*



**Нæ цитгиндæр финсгутæй еу, ГÆДИАТИ Гуцирий фурт Арсени райгурдбæл исæнхæст æй фондз æма астинсæй анзи (1855-1915).**

# Æ УОДИКОНД – ÆХСАРГИН,

# ÆХСАРГИН АДТÆЙ Æ ТОХ ДÆР!..

БÆРЗÆФЦÆГÆЙ Хъуди коммæ никкæсæни, поствæндаг бæттæнтохæгау къæдзæ-мæдзтæ кæми райдайуй, уоми ирон бæлццæнттæй алкæддæр фегъосдзæнæ коми дæллаг фахсмæ амонгæй: «Уартæ Ганис – Секъай гъæу… Азау æма Тайморази цирт…» Аллихатт мæ зæрдæбæл æрлæуунцæ, радзурди кæрон, æносон циртдзæвæни хузæн ци дзурдтæ ес, етæ: «Таймораз æма Азауи цыртбæл устур сибулдзæ бæласæ абони дæр дзиназуй Ганиси уæлмæрдти».

Ганиси уæлмæрдтæй дзæвгарæ дæлдæр лæууй æндæр циртдзæвæн дæр, зæронд ихæлд мæсуг, æлдари мæсуг, фал уой некебал зонуй, феронх æй ходуйнаги игаки хузæн. Уоми цардæй, уоми фæммард æй адæми къохæй Арагуй Еристау æлдар. Зæрдæбæл æрлæуунцæ Секъай дзурдтæ: «Æнай-æнойти кæрдтæ фескъот кодтонцæ, мæсуги фæрстæ ферттивтонцæ æма æлдарæй иуонг-иуонгбæл нæбал райзадæй, галауани астæу цъæх фæззæбæл æ тог райвулдæй. Адæм сæ кæрдтæ расæрфтонцæ æма рандæнцæ. Айдагъдæр ма игъустæй æлдари мæсугæй æ уоси гъарæнгитæ. Уæдæй фæстæмæ Арагуй еристау æлдари хæдзарæ федзæрæг æй, айдагъ ма си мæргътæ ахæстдæнттæ кæнунцæ».

Дууæ хузи, дууæ символи, нæ финсæги зæрдихатт æма дуйнелæдæрундзийнади дууæ бæрзонд менеуæги æвдесæг. Еу рауæн лæууй бæрзонд, къабазгин сибулдзæ æносон цардау, æведуйгæ кади зарау æма нур дæр дзиназуй æма заруй цæрунгъæуагæ Азау æма Тайморази рæсугъд цард æма æскъуæлхт мæлæтбæл. Иннæ рауæн къæй дортæ рæдзæгъдæй лæуунцæ, ходуйнаги æвдесæнау, æма мæсугфарси топпуадзæнти мæргътæ астæнттæ кæнунцæ.

Уотæ ’й Секъай айййевадæ. Е æргом æвдесуй кæддæриддæр æ хæран дæр æма æ уарзондзийнадæ дæр. Æвдесгæ ба сæ уотæ айййев æма тухгин кæнуй æма, кæд берæ рæстæгутæ райевгъудæй, Арагуй уолæнтау, Таймораз æма Азауи, уæдта Еристау æлдари таурæхътæбæл, уæддæр ма абони дæр сæ еуети уарзæн Секъай уарзтæй, иннетæмæ хæссæн Секъай хæран. Е ба ’й тæккæ бæллецццагдæр фæндæ алли финсæгæн дæр. Е æй финсæгæн æ искурдиади æма æ адæмондзийнади критери, æнæмæнгæ æвдесæн. Дзурд дæр ибæл нæййес, Секъай фæсте ирон литературæ размæ цудæй, æййивтонцæ æма æййевунцæ нæ прози, уæдта нæ поэзий айййевади æууæлтæ дæр, царди хæццæ еумæ гъæздугдæр æма вазуггиндæр кæнунцæ. Фал цæйбæрцæфæнди ку исирæза нæ национ айййевадæ, уæддæр Секъай уадзимистæ уодзæненцæ цардæгас æма уарзон ирон дзиллæн, адæймагæн æ рагуалдзæг куд æнцон фæууй цæрæнбонтæмæ, уотæ.

Секъа – нæ айййев прози тухгин æма бæрзонд райдайæн, æведуйгæ оригиналон поэт, дæсни публицист. Абайти Васо куд зæгъуй, уотемæй Къостай фæсте æй «нæ финсгутæй сæ еугуремæй адæмондæр финсæг».

Дзæвгарæ бунтæ ниуугъта Секъа ирон национ айййевадæн, фал нуртæккæ сæ еугуребæл дзоруни фадуат нæййес нæ газети фарсбæл. Секъай цард æма айййевадæ берæ дзоруйнæгтæ сайунцæ сæ фæдбæл. Уони туххæй дзурд цæуй æма никкидæр цæудзæнæй. Фал нуртæккæ, Секъай кади ном имисгæй, ка ’й зонуй, фиццаги-фиццагидæр, дзорун гъæуй æ айййевади фæнзуйнагдæр менеугутæбæл, нæ абони литератури ирæзтæн тæккæ агъазиаудæр ка ’й, уонæбæл.

Секъай исфæлдистади менеугутæй мæнмæ тæккæ агъазиаудæр, тухгиндæр æма фæнзуйнагдæр кæсуй бæрзонд, тохгæнæг, хъайтар характертæ хузæ кæнуни айййевадæ.



Циртдзæвæн ГÆДИАТИ Секъайæн Дзæуæгигъæуи

Зундгонд æй алкæмæндæр, Секъай доги нæ адæм ци национ æма социалон æфхуæрд æййафтонцæ, е. Зундгонд æй е дæр, æма еци æфхуæрди нихмæ исдзорун, Секъайæн æхе загъдау, «цæттæ мæлæт» ке адтæй.

Устур лæгдзийнадæ гъудæй еци доги нихмæ исдзорунæн нæ, фал æ уорамунæн дæр. Æности æфхуæрд адæймаги зæрди лæгдзийнадæ ке кунæг кæнуй, е дæр бæлвурд æй, фал Секъа уæддæр æ адæми национ характерæй равзурста зари сæйрагæн лæгдзийнадæ, æфхуæрди нихмæ тохи нифс ка дæттуй, сæребарæ æма лæги намуси туххæй «цæттæ мæлæтæй» дæр ка нæ тæрсуй, еци лæгдзийнадæ. Уæхæн лæгдзийнадæ ба нæ адæми уодигъæди сæйраг менеуæг ке адтæй æности дæргъи, убæл Секъа дузæрдуг некæд кодта.

Секъай тæккæ арфдæр, тæккæ зæрдиагдæр, тæккæ бæллеццагдæр фæндæ адтæй сæребарæ, адæми сæребарæ национ æма социалон æфхуæрдæй. Фал еци æфхуæрдæй фæййервæзун, еци сæребарæ иссерунæн адтæй айдагъдæр еунæг фæрæзнæ – сæруæлдай тох. Еци унгæг тох ба домдта æгæрон лæгдзийнадæ. Уæхæн æй Секъай исфæлдистади æма дуйнелæдæрунади бундорондæр медлогикæ, идейон-эстетикон мæсуг. Гъе уой туххæй мæмæ кæсуй Секъа лæгдзийнади кадæггæнæг.

Скъоладзауи карæй фæстæмæ лæуунцæ нæ зæрдæбæл Секъай исфæлдесгæ хъайтар фæлгонцтæ: Азау æма Таймораз, Айссæ, Дауита æма Ахмæт, Тугъан æма Марине, Зæлда æма Хъази, Диса æма Сафиат, Садуллæ æма Манидзæ, Джиргол æма Гурдзихан, Тамар æма Хъазара, Хъуди Цæппо æма е ’мбæлттæ, курухон лæгтæ Дзанайти Тохти æма Рубайти Мистъала…

Æндæр æма æндæртæ ’нцæ, æдеугурæй уодæгас фæлгонцтæ карæй, удигъæдæй, зундæй, дзурдарæхстæй, фал сæ еугуремæн дæр еумæйаг æнцæ уæхæн менеугутæ: лæгдзийнадæ, сæребарæуарзон, лæги боц ном тæккæ бæрзонддæр дарун. Секъайæн айдагъ æ эпикон уадзимисти нæ, фал æ лирики дæр аци менеугутæ æнцæ сæйраг. Секъа æ адæми национ удигъæдæй рартаста аци менеугутæ куд тæккæ бундорондæр, æма æ кади зар ниввæнстæй уонæбæл.

Секъа бæгъатæр лæг æма нифсхаст поэт адтæй. Зæнхкосæг – е хъæбæр хуарз зудта, хуæнхаг адæм куд хъæбæр тухсунцæ æнæ зæнхæ æма æдзохдæр «æ гъарæнги» дæр зæнхи кой кодта, æ публицистики дæр, фиццагифиццагдæр, зæнхæ æрагурдта адæмæн. Адæмæн æууæнки лæг, е паддзахи хецауадæмæ (Паддзахадон Думæ) æвзурстити рæстæги раргом кодта хецæутти сайæн миутæ сауæнгæ паддзахи уæнгæ.

Секъай уодигъæди берæ фæнзуйнаг менеугутæн сæ сæйрагдæртæй еу адтæй лæгдзийнадæ. Нæ бон æй федарæй уотæ зæгъун, æма Секъа нифсхаст адтæй, куд царди хабæртти, уотæ исфæлдистади дæр, æхуæдæг æхсаргин уогæй, адтæй æхсари кадæгæнæг…

***НАФИ.***
***1965 анз.***

**РЕДАКЦИЙÆЙ:** *Гæдиати Секъай уадзимистæмæ лæмбунæг ку æркæсæн, уæд си бæлвурдæй рартасдзинан сæ еумæйагæнæг гъуди. Растдæр зæгъгæй ба – æ зæрдтагон бæлдæ: кæдимайди ба нæ Иристони цардарæзти алцидæр уа райдзаст æма федауцæ, цæмæй тæккæ хиццагдæр хузи уа нæ размæцуди алли гъуддаг дæр, цæмæй бæрзонд цæстиварди уæн иннæ адæмти æхсæн. Е ’мдзæвгитæй еуеми хуматæги нæ бабæлдтæй: «Кæд мах тухххæй дæр еске хуарз зæгъидæ...»*

*Никки ма уой дæр зæгъун гъæуй, æма Секъа æ рæстæги нæ адæми цардиуаги цæй фæдбæл гъенцъун кодта, уонæй берæ цидæртæ абони дæр ма нин сагъæссаг æнцæ. Уомæн æвдесæн æнцæ æ новеллитæй абони ке мухур кæнæн, етæ.*

**Æртиндæс æма фондзинсæй анзей размæ (1907 анзи 16 сентябри) рацудæй журнал «Зонд»-и фиццаг номер. Е ахсгиаг æвæрæн бахаста нæ адæми æхсæн рохсадон архайд рапарахат кæнуни гъуддагмæ.**

# КÆД МАХ ТУХХÆЙ ДÆР ЕСКЕ ХУАРЗ ЗÆГЪИДÆ...



## ЛÆГ ÆВИ СИРД

**(новеллæ)**

Уалдзигон рæсугъд бон, хор арви астæу тæмæнта калдта, æ гъар тунтæ зæнхæмæ гæлста. Алли цæрæг уодгоймаги, мадау, рæвдудта. Цъæх сгæлладау зæлдаги хузæн кæрдæг ирдгæ фелаудта. Зимти (зима- зимородка горная) æскъотгæнагæ уасун айнæгæй айнæгмæ сау кæмтти хаста. Думгæ фагæ уолæфтæй æма ин бæлæстæ фæлмæн зардтонцæ. Мегъти дæргъдзийнади мæргъти зар æнцад игъустæй. Цард алли къубурæй æ медбилти худтæй. Еудзурдæй, бæстæ бæрæгбон кодта.

Уорс фонси дзогæн сæгъти къуар сæ разæй, уотемæй Федæртти хонхбæл ниххæлеу æнцæ. Лæхъуæн фиййау Ахмæт, нимæт æ уæле, топп æ гъæбеси, уотемæй къæдзæхи тегъæбæл æ фарсбæл хустæй кæрдæггун хезнæбæл, нард фонси дзогæй æ зæрдæ рохс адтæй.

Уæдмæ тегъæй сикъе сирдти къуар æрбазиндтæнцæ, сæ цæу сæ разæй, сæгътæ æ фæсте, уотемæй къæдзæхи сæрбæл рамбурд æнцæ. Кæмæн æ дæркъæ æ хæццæ, ка ба æнæ дæркъæй. Цæу сæ разæй къубурбæл лæудтæй. Бæгъатæри бæрæгæн æ раззаг къахæй зæнхи цъарæ цавта. Ке зæгъун æй гъæуй, Хуцау рæсугъдæн ке исфæлдиста, зæнхигъæдæ урухæй ке барæвдудта, еци рæсугъд цæргути уиндæ æхцæуæн кæмæн нæ уодзæнæй, берæ сæмæ фæккастæн.

Уалинмæ сæмæ мæ сæгътæ дæр æрбахæстæг æнцæ.

Сикъетæ æмбурдæй æрбалигъдæнцæ æма сæгъти хæццæ исхæлæмулæ ’нцæ. Æз æй нæ фæразун, куд æй радзорон: уони игъæлдзæгдзийнадæ, уони цийнæдзийнадæ, æносон хæстæг хеуæнттæ, лæги æхсарæй ка фæххецæн æй. Бæрзонд æдзæрæг хуæнхтæ, æнæкæрон сау гъæдтæ сæребарæ цардæн ка байагурдта, етæ нур сæ уарзон æнсувæрти хæццæ байеу æнцæ. Кæд дзоргæ, дзубанди нæ кодтонцæ, уæддæр уарзондзийнадæй кæрæдзебæл цийнæ кодтонцæ, кæрæдзей билтæ æстардтонцæ. Сæ фæстаг къæхтæбæл фæллæууиуонцæ æма сæ сикъатæй хъуритæ кодтонцæ, æхсæрхуз гъолон сикъе цæу къæдзæхи тегъæбæл лæудтæй æма бæрзæндти кастæй, æскъот кодта, æ уарзон æмбæлтти знагæй гъæуай кодта, идардмæ кастæй.

- Ехх, тæходуй, - загътон, - адæм дæр уотæ ку уарзиуонцæ кæрæдзей, тухгиндæр ку гъæуай кæнидæ æнæхъаури.

Уæдмæ уæллæй топпи гæрах фæццудæй æма цæу расхъиудтæй, сау коми нарæги зæйи сæрбæл æрбадтæй. Сикъетæ тегъæмæ исгæппитæ кодтонцæ. Дуккаг гæрахæн дуккаг расхъиудтæй, фиццаги фарсмæ зæйи сæрбæл радæргъæмæ ’й, дæллаг къилдунæй цауæйнон низзардта: «Равардтай, Æфсати, никкидæр бабæй равардтай!» Фуси царæй ходæ æ сæрбæл, цъæх пæлæз æркъетæ, фæрдугцъух топпæн æ астæубæл хуæстæй. Тегъæбæл фæццæуй. Тоггини зæрдæ имæ бадардтон, тоггин мин фестадæй. «Ма сæ бахуæрай, - загътон, - ма дин батайуонцæ, ци ди гъигæ дардтонцæ? Цæмæн сæ рамардтай? Хонхи риндзитæ, кæрдæги мортæ син ци хъор кодтонцæ?»

Ка ма си райервазтæй, еци сикъетæ цæгатварсæрдæмæ Сурхити хонхи сæрмæ ислигъдæнцæ. Фонс æрæздахтон. Риндзæбæл бабæй бадун. Сагъæссаг гъудитæ зæрдæмæ калун. Уæдмæ бабæй Сурхити хонхæй топпи гæрæхтæ, арвнæрæгау, кæмттæ исарудтонцæ. Зорати Дзоццæ еци сикъетæй æртæ рамардта. Мæ зæрдæ сæбæл фæрристæй бабæй, ма уин бантæсæд, муггаг ма си ку ниууадзайтæ, уæд. Кæд син хуасæ нæ карстайтæ, цæнхæ син нæ дардтайтæ хонхи бæрзæндти, ци уи хъор кæнунцæ?

Хор дæр ранигъулдæй. Фæстаг хатт ма æ сугъзæрийнæ тунтæй хонхи циргъ цъоппитæн салам равардта. Дудзи хор уорссæр къæдзæхтæ æрттевун кодта. Фонс æрæздахтæнцæ, гъæумæ сæ батардтон. Æхсæвæ-бонмæ дæр нæ бафунæй дæн – еци сирдти ниццагъд мæ зæрдæбæл лæудтæй. Гъæйдæ, нур мин æй зæгъæ, еци сирдтæй сирддæр кæци ’й? Лæг æви сирдтæ?



## ЗÆРБАТУГ

*Æгас цу, зæрватыкк,*
*Æлдар кæмæн нæй,*
*Дæу чи дары хъыг,*
*Фæкæнæд дæдæй!*

Уалдзигон гъар бон, хор арви астæу тæбар-тубур кодта, æ гъар тунтæ зæнхæбæл рагæлста. Зæнхæ исуолæфтæй. Цæргутæн царди хуасæ цæттæ кодта. Алли уодгоймаг, цæрæг базмалдæй: æнцад нæбал лæудтæнцæ мæргътæ, сирдтæ, фонс; адæм сæхе кустмæ исаразтонцæ, еугъосуг готон зæнхи цъари гæрзитæ уагъта. Алли зайæгхалæ, кæрдæг рохсмæ тундзтæй. Мæргътæ астъæнттæ кодтонцæ, саскъити, биндзити сæ бæдæлттæн хастонцæ. Еудзурдæй, бæстæ змæлæг фестадæй.

Амонд ку нæ уидæ, уæд ибæл ном дæр нæ уидæ. Амондгун лæги фарсмæ алкедæр амонд еруй, фидбилизгун лæги фарсмæ ба – фидбилиз. Еу мæгур, æнамонд зæрбатуг динамонæг лæги хæдзари фарсбæл астъонæ искодта æма си бæдæлттæ рауагъта. Бæдæлттæ тæхун нæма фæразтонцæ, фал сæбæл гъунтæ фæззиндтæй. Зæрбатуг боницъæхтæй тар изæрмæ æнцад нæ лæудтæй, æ бæдæлттæн саскъитæ, биндзитæ хаста. Еудзурдæй, зæрбатуг дуйнети амондгунтæй æхе амондгундæр худта æма уотæ зæрдиагæй æ бæдæлттæн уой туххæй куста.

Уæдмæ дзурд æрцудæй, динамонгути хестæр, дан, æрцæудзæнæй, зæгъгæ. Гъæйдæ-гъа, динамонæг кинау зилдæй. Уæди уæнгæ ковæндонæ ругæй нæбал зиндтæй, нур æй уотæ ниссæрфта, никкæдзос кодта æма еуæй-еу рауæнти æрттивтитæ кодта, фал ма уæддæр æ къумтæй ругтæ сау æндæргæ хастонцæ. Æ хæдзарæ хæмпæлти астæу хæпсити цади смаг кодта, нур уой дæр ниссæрфта, ниррæсугъд кодта. Æ уоси фæннадта æма тæргайæй рандæй æ фиди хæдзарæмæ. Уой дæр æрбакодта. Еудзурдæй, еци сахат изæд фестадæй. Фал адæймаги зæрдæ ци тогбæл арæзт уа, уой æндæр фестун кæнун æ бон нæй. Динамонæг еци мæгур зæрбатуги астъонæ дæр æ хæдзари фарсæй ракалдта æма ин æ бæдæлтти хæдзари фарсмæ къанаумæ ниггæлста. Адæм дæр базмалдæнцæ, динамонгути хестæри размæ сæхе цæттæ кодтонцæ. Динамонæг бæгъæнсарæй ратæхæ-батæхæ кодта, цæмæй æй хуæздæр æма дзæбæхдæрæй фæууина æ хецау, еци сахат æхе уобæл гъардта, цæмæй адæмæн хуæздæр дзуапп, æгъдæуттæ хуæздæр хузи байамудтайдæ. Фал фусдзарми дæр берæгъ бæрæг æй.

Мæн ба еци мæгур зæрбатуги бæдæлтти мæтæ адтæй æма æдзохдæр уонæмæ кастæн. Зæрбатуг бонизæрмæ æ бæдæлтти алливарс зилдæй. Уæд бæдæлтти рази балбæласæбæл æрбадидæ æма бабæй сæмæ æхе æргæлдзидæ, уæдта арви дæргъдзийнади фурмæстæй æрбайсæфидæ æма бабæй цæстифæнникъулдмæ æ бæдæлтти фарсмæ фестидæ.

Уæд астъони бунат хæдзари фарсбæл ранихасидæ, æма бабæй æ бæдæлттæмæ æртæхидæ, уæдта бабæй фæстæмæ æврагъи дæргъдзийнади мæстæй катайгæнгæ ранакæ кæнидæ. Уотемæй зæрбатугбæл æрталингæ ’й.

Æхсæвæ-бонмæ еци зæрбатугмæ мæ зæрдæ дзурдта. Дуккаг бон раги исистадтæн, æнæуой дæр мæ раги истун гъудæй, æма еци зæрбатуги бæдæлттæмæ уинæг бацудтæн. Кæсун, æма къанауи медæгæ бæдæлтти уæле сæ мадæ зæрбатуг дæр ниммардæй.

Сæумæ хорискасти адæм æрæмбурд æнцæ ковæндони размæ, динамонæг дæр сæ астæу, æма динамонгути хестæрмæ æнгъæлмæ кастæнцæ. Уæдмæ æрбахъæрдтæй динамонгути хестæр æма адæмæн арфæ ракодта. Адæм дæр ин сæ сæрæй ракувтонцæ æма ковæндонæмæ бацудæнцæ. Ковæндони кæдзосдзийнадæ æ зæрдæмæ нæ фæццудæй, æма куд æмбалдæй, уæхæн уайдзæф бакодта динамонæгæн. Уой фæсте адæммæ раздахтæй æма загъта:

- Уарзетæ кæрæдзей. Коветæ Хуцаумæ. Уарзетæ мæгурти æма син уæ фæллойнæй агъаз кæнетæ. Ма хъор кæнетæ уæ гали, уæ бæхи, уæззау тухкуст сæбæл ма кæнетæ. Уарзетæ алли цæрæг уодгоймаги æма син кадæ кæнетæ, - æма никки æндæр берæ хуарз дзубандитæ фæккодта, арфæ ракодта æма рандæ ’й.

Уæд еци адæмæй уомæн уотæ неке загъта, мадта дæ динамонæг мæгур зæрбатуги хæдзарæ цæмæн æрбайхалдта, æд бæдæлттæ ’й хуæрзисæфт цæмæн æрбакодта, зæгъгæ. Уой зæгъун неке бандиудта, цæстæмæгъос адæмæй, хъæбæрдæр ба мæхуæдæг.



## СИРДТИ ПАРЛАМЕНТ

**(Унаффæгæнæг парламент)**

Устурæй, минкъийæй еугурæй дæр сирдтæ хонхи дæлвæз æрдози æрæмбурд æнцæ, гъæуихецау равзарæн, зæгъгæ, загътонцæ.

Дзæгъарæг рагацау сирдти хæццæ æхе фæллимæн кодта: домбайæн æ къæхтæ æстардта, арсæн æ билтæ, берæгъ æма листæг сирдтæн цидæртæ радзубандитæ кодта æма ’й еугурæй дæр бауарзтонцæ.

Гъæуихецау æвзаруни рæстæг æрхъæрдтæй, сирдтæ еугурæйдæр æмцъухæй дзæгъарæги равзурстонцæ æма ’й гъæуихецау искодтонцæ. Унаффæ кæнун райдæдта дзæгъарæг, æ гъуддæгутæй еу къуар фæррæстмæ ’нцæ... Домбайæн устур хай лæвардта, арсæн дæр уотæ, берæгъ дæр гъæуагæ нæ изадæй, листæг сирдтæбæл ба нæбал æнвæрстæй. Хъурхъур байдæдтонцæ уæд листæг сирдтæ. Робас загъта:

- Дессаг æй, дессаг, нæ гъæуихецау æнæ къæдзелæй ци хъал ниццæй, æ сæр нæмæ уотид дзорунмæ дæр ку нæбал хæссуй...

- Гæрр, æма æ къæдзелæ кæми раскъудæй, уой нæ зонис? – загъта сæлаур. – Хъорагин хонхи бæрзæндæбæл Смайлиатæ хъапхан исæвардтонцæ, раст æнсури мæйи дзæгъарæг уоми ахæсти бахаудтæй, æ къæдзелæ си ниссалдæй...

Уæдта ма уотæ дæр загъта, хуарз æма ’й уотемæй неке æрæстæфтæй, æма, уалдзæг æрдæмæ хори тунтæй ех ку æртæфстæй, уæд дзæгъарæгæн æ къæдзелæ фæууæгъдæ ’й æма райервазтæй. Фал уæддæр къæдзелæн е ’рдæг уоми байзадæй, æвæдзи уомæн æнæнвæрсонтæ кæнуй...

- Бауæндæ мæбæл, - загъта ма никки сæлаур, - хор ку нæ адтайдæ, абони дæр ма Смайлиати хъапхани медæгæ ауигъдæй лæудтайдæ...

**Номдзуд уæрæсейаг æфсæддон раздзæуæг, инæлар-фельдмаршæл Кутузов Михаил Ивани фурти райгурдбæл 16 сентябри æнхæст кæнуй 275 анзи (1745-1813).**

***Группа спасателей Северо-Осетинского поисково-спасательного отряда МЧС России совершила восхождение на пик Спасателя. Флаг с символикой ведомства был развернут на высоте 3593 метра. Мероприятие прошло в рамках акции «Знамя над облаками» и приурочено сразу к двум юбилейным датам: 75-летию Победы в Великой Отечественной войне и 30-летию МЧС России.***

# ДОРОГА В ДИГОРИЮ



***Нынешней осенью в республике начнется строительство автомобильной трассы в Дигорском ущелье. Она позволит туристам добраться до самых живописных и отдаленных мест Северной Осетии, которые славятся своей первозданной красотой и уединенностью.***

Сейчас здесь вьется лишь гравийная дорога, на которой не разъедутся и две машины. Тряский и сложный путь зачастую портит все впечатление от горных видов, ради которых и едут в Дигорское ущелье, а многие туристы и вовсе не достигают места назначения и разворачиваются. Шутка ли – два часа прыгать на ухабах.

Из-за отсутствия нормальной дороги многие отдаленные села начали пустеть, грозя и вовсе исчезнуть с карты республики. Работы здесь нет, выехать сложно, поэтому местные жители все чаще перебираются на равнину или во Владикавказ. Новая трасса может в корне изменить ситуацию.

Строится она в рамках проекта «Туристский кластер «Горная Дигория», средства на нее из федерального бюджета выделили еще в прошлом году – всего более 800 миллионов рублей

– Произошла небольшая задержка с подготовкой проекта, но он уже закончен, в сентябре начнутся работы, – рассказал председатель комитета по туризму Северной Осетии Заурбек Кодзаев. – До декабря планируется потратить 100 миллионов рублей на реконструкцию мостов, укрепление скал и защиту трассы от камнепада. А уже в следующем году начнется строительство самой дороги и укладка асфальта. На это будут потрачены оставшиеся 700 миллионов рублей. К концу 2021-го планируем все завершить. Общая длина трассы составит 20 километров.

Дорога пройдет через села Чикола, Мацута, Комы-Арт, будет сделан подъезд к селению Галиат. Многие из названных пунктов имеют древнюю и очень интересную историю, но за последние 15 лет численность населения в них изрядно сократилась. Например, в Галиате живет всего три человека, хотя это одно из тех мест, где на Северном Кавказе начинали строить дома из камня. Здесь до сих пор сохранился полуразрушенный древний каменный город.

Дигорское ущелье находится в 120 километрах от Владикавказа. Как въезжаешь в него, остановку хочется сделать почти на каждом повороте: местные природные достопримечательности готовы поспорить своей живописностью с австрийскими Альпами. Есть места, где скалы и снежные вершины обступают человека со всех сторон, а с пологих склонов можно часами рассматривать Большой Кавказский хребет.

В Дигорском ущелье находится несколько гостиниц и известных турбаз. Одна из них – «Порог неба» с комфортабельными номерами для гостей и большим открытым бассейном. Отсюда можно отправиться в конный поход по горам и подняться по канатной дороге, чтобы опробовать горнолыжные склоны. Но добраться сюда сложно как раз из-за отсутствия хорошей трассы.

– Трудно переоценить значение этой дороги для горной Дигории, – уверен директор другого известного гостиничного комплекса «Тана-Парк» Хетаг Тагаев. – Существующие грунтовки являются скорее препятствием для развития курорта. Дигория славится дикой, первозданной красотой. Стоит построить дорогу – и сюда хлынет поток туристов. Это все изменит. Многие села в ущелье – Мацута, Одола, Къуссу – получат вторую жизнь, сейчас они вымирают. Хотя здесь есть великолепные возможности для развития животноводства, местные жители делают прекрасный сыр. К тому же дигорцы готовы работать гидами. А показывать есть что. Одни только водопады чего стоят. Мы надеемся, что вслед за дорогой в поселки проведут газ и волоконно-оптические линии интернета. Последний не менее важен. Спутниковая связь здесь работает плохо, а доступ в Сеть нужен туристам. Кроме того, стабильный и дешевый интернет – это возможность удаленной работы для местных жителей и учебы для детей.



**КСТАТИ**

Одной из достопримечательностей Дигорского ущелья стал уникальный замок «Фрегат» в селении Ханаз. Это несколько полуразрушенных средневековых построек, которые получили свое название из-за силуэта, напоминающего нос корабля, разрезающего пространство на скалистом уступе. Замок стоит среди скал на высоте две тысячи метров. Те, кто побывает внутри крепости, испытают незабываемые эмоции. В древней стене есть небольшое окошко, выглядываешь в него, а внизу – облака, и под ними – пропасть. О новой построенной дороге туристы, может, и не вспомнят, но впечатления от Дигорского ущелья останутся на всю жизнь.

***Юрий ГЕНЬ (Северная Осетия)***
***Российская газета – Экономика Северного Кавказа***
***№ 194(8248) 01.09.2020.***

**Дигорæ**

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Республиканская массовая общественно-политическая газета «Дигора».**

**Сæйраг редактор:** САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел. 25– 22– 56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@rambler.ru

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-А, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.
**Учредитель и издатель**: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания. 362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæсгæ технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ 15 – 00141, 2017 анзи 14 апърели.**

**Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алании. Регистрационный номер ПИ №ТУ15-00141 от 14 апреля 2017 г.**

**Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газета напечатана в ООО «Издательство «Южный регион». 357600, г. Ессентуки, ул. Никольская 5 а.**

**Газет цæуй къуæрей еу хатт – геуæргибони.**
Почти индекс **161**.
Тираж **650**. Заказ **№1898.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 14.09.2020.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мухурон рауагъдади пайдагонд ку цæуа, уæд гъæуама æнæмæнгæ бæрæггонд уа, «Дигорæ»-й ке рафинстонцæ, е.**

**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**

**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**

**Рекламæ æма игъосункæнуйнæгти туххæй «Дигори» редакци æхемæ бæрнондзийнадæ нæ есуй.**